

# KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

## ELÈV MIAMI-DADE KONTINYE BRIYE NAN EVALYASYON NASYONAL LA

Elèv Lekòl Leta Miami-Dade County kontinye reyalize akonplisman remakab, jan sa parèt nan rezilta "National Assessment of Educational Progress (NAEP)" (Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè Edikasyonèl) yo pibliye resamman. Plis pase 6,300 elèv nan 143 lekòl Miami-Dade County te patisipe nan administrasyon NAEP 4yèm ak 8yèm ane eskolè ane sa a.

Sipèntandan Alberto M. Carvalho di, "Kòm yon estanda prestijye nan konpare akonplisman elèv, NAEP--Kanè Nasyon an--revele pèfòmans ki pi enteresan an soti inikman nan Miami-Dade... Nan tout domèn yo teste yo, M-DCPS demanti tandans nasyonal ak eta yo, e li fè pi gwo pèfòmans pase gran vil Etazini yo."

Carvalho di, "Apre yon kantite akonplisman nan distri lekòl yo, ki gen ladan viktwa nou nan Prim "Broad" 2012 la, Meyè Distri Komisyon Kolèj nan Ane 2013 pou Plasman Avanse, ak Prim Distensyon Distri "Magnet Schools of America," (Lekòl Magnet Ozetazini) pèfòmans nou nan tèt NAEP se natirèlman yon bon previzyon pou elèv nou yo, pwofesè nou yo, ak pozisyonman ekonomik kominote nou an."

Michael Casserly, Direktè Egzekitif, Konsil Lekòl nan Gran Vil yo di, "Lekòl Leta The Miami-Dade County yo senpleman fè sa yo dwe fè nan rezilta egzamen NAEP yo... Pwogrè distri lekòl la te pami sa ki te pi rapid nan peyi a nan kèlkeswa gran vil la e nan tout domèn, menm lè rezilta nasyonal e eta a te gen tandans desann. Yon gwo kout chapo pou pwogrè sistèm lekòl la ap fè pou timoun li yo."

Avèk yon popilasyon Elèv ki ap Aprann Anglè ki pa pwopòsyonèl ditou, M-DCPS demontre pèfòmans remakab nan Lekti, konpare ak rezilta nan tout peyi a ak lòt gran distri nan gran vil yo. Elèv uityèm ane eskolè Miami-Dade te klase #1 nan peyi a nan Lekti; elèv katriyèm ane eskolè yo te #2 nan peyi a. M-DCPS te sèl distri TUDA ki demontre pwogrè siyifikatif soti an 2013 rive 2015 nan Lekti 8tyèm ane Eskolè.

Nan katriyèm ane patisipasyon M-DCPS nan evalyasyon nasyonal la, elèv Ispanik Miami-Dade yo kontinye depase elèv nan menm nivo avèk yo atravè peyi a nan toude, Lekti ak Matematik e nan toude nivo yo teste yo, avèk mwayèn echèl nòt ki lajman siperyè modèl lekòl nasyonal la, lekòl nan gran vil yo, ak Florid. Pami 21 distri ki te patisipe nan "Trial Urban District Assessment (TUDA)" (Esè Evalyasyon nan Distri Gran Vil) yo, Miami-Dade te kontinye briye.

Akonplisman elèv 4yèm ane eskolè Miami-Dade nan Matematik te amelyore tou yon fason siyifikatif soti 2013 rive 2015, li depase lekòl leta yo atravè peyi a. Adisyonèlman, elèv Nwa nan M-DCPS fè nòt ki lajman siperyè elèv nwa parèy yo nan tout peyi a nan Matematik.

Malgre gwo bès atravè peyi a nan Matematik uityèm ane eskolè, elèv Miami-Dade yo kenbe nivo pèfòmans yo.

## PA MANKE OKAZYON SA A! ENSKRIPSYON OUVÈ POU 375 PWOGRAM MAGNET NOU YO AP KONTINYE JISKA 15 JANVYE

Lekòl Leta Miami-Dade County pral ouvè peryòd enskripsyon li pou pwogram magnet atravè distri lekòl la demen, jedi 1ye oktòb. Nou pral kontinye aksepte aplikasyon jiska vandredi 15 janvye 2016.

Pwofesè ak elèv pral kapab benefisye nouvo e inovatif pwogram magnet nou te kreye pou ane lekòl 2015-2016 la. An rapò avèk deviz distri nou an "Giving our students the world" plis pase 375 pwogram magnet nou gen kounye a fèt espesyalman pou satisfè enterè, talan ak bezwen endividyèl elèv. Kou sa yo gen ladan 16 nouvo pwogram magnet nan 12 lekòl nan domèn Syans, Matematik, Teknoloji Amizman Miltimedya, Etid Legal, ak Ar Vizyèl.

Ane sa a, nou ap lanse tou yon nouvo sistèm aplikasyon magnet ou kab jwenn nan [www.miamimagnets.org](http://www.miamimagnets.org) ki disponib nan plizyè lang. Nouvo zouti sa a pral senplifye pwosesis aplikasyon an, ogmante aksè pou paran jwenn enfòmasyon e amelyore kominikasyon atravè pwosesis la, ansanm ak jwenn gid videyo pratik. Pou enfòmasyon adisyonèl, silvoulè rele 305-995-1922 oubyen vizite sit Entènèt nou an nan: [www.miamimagnets.org](http://www.miamimagnets.org).

## EDIKE ELÈV NOU YO KONSÈNAN RESPONSABLITE MEDYA SOSYAL

Medya sosyal ap chanje rapidman fason nou kominike e entèraji avèk youn lòt. Nouvo mwayen ki ap evolye sa a fè li posib pou konekte sou Entènèt imedyatman avèk zanmi, fanmi, e kolèg isit e aletranje, e sa kreye yon kominote vityèl ki bay yon espas pou echanj ide, nouvèl, ak enfòmasyon.

Nan Lekòl Leta Miami-Dade County, nou anseye e ankouraje elèv yo sèvi ak medya sosyal avèk responsablite e entegrite. Nou fè sa atravè kourikoulòm sitwayènte dijital nou an e atravè divès atelye ak fowòm ki souliyen enpòtan pou elèv egzèsè bon jijman lè yo ap sèvi ak medya sosyal ak lòt sit rezo. Sèvi avèk medya sosyal yon fason ki responsab enpòtan paske efè li rive byen lwen, e jan nou konnen, anprent dijital nou ap toujou suiv nou.

Pandan nou ka sèvi ak medya sosyal nan fason ki amizan, enteresan, e enstriksyonèl, gen yon enkyetid potansyèl nan sèvi ak medya sosyal yon fason ki pa apwopriye. Akoz aktivite ki pafwa dezagreyab sou sit rezo sosyal yo, li enpòtan pou pale avèk pitit ou sou fason ki efikas e apwopriye pou sèvi ak medya sosyal. Silvoulè fè yo sonje pou yo pa janm afiche enfòmasyon konfidansyèl sou pwòp tèt yo oubyen enfòmasyon ki kab danjre, oubyen fè kòmantè ki kab anbarase lòt moun. Sekirite, responsablite, ak konpòtman etik se valè sa yo ki ta dwe defini patisipasyon ak aktivite medya sosyal. Nan atachman an nou mete yon lis dis premye konsèy pou sèvi ak medya sosyal.

An nou kontinye ankouraje timoun nou yo pou pran tout avantaj bonjan resous sa a e pou fè l nan fason ki ankouraje e ki demontre konpòtman konsyansye e respektab. Nan non fanmi Lekòl Leta Miami-Dade County, mèsè dèske w fè patenarya avèk nou sou pwoblèm enpòtan sa a.

## M-DCPS OGMANTE TO ELÈV KI PASE EGZAMEN "AP" ANSANM AK TO ENSKRIPSYON

Rezilta yo antre e pou yon 5yèm fwa suivi "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) kontinye ap ogmante kantite ki pase "Advanced Placement" (Plasman Avanse), pandan tou enskripsyon nan klas AP yo ap ogmante. Plis pase 26,000 elèv M-DCPS te patisipe nan egzamen AP an me 2015 la ki montre yon nòt pase nan nivo angwo 48.6 pousan avèk yon ogmantasyon 2.6 pousan sou sa ane pase a.

Atravè Pwogram AP a, elèv gen opòtinite pou enskri nan kou etid avanse e resevwa kredi kolèj ak/oubyen kredi AP pandan yo toujou nan lekòl segondè. Pran klas AP ki bay kredi kolèj kab ede diminye frè kolèj, kote elèv ak fanmi kab ekonomize plizyè milye de dola pou frè kolèj. M-DCPS ofri 35 kou AP ki gen ladan ar, gouvèman, istwa, lang, literati, matematik, mizik ak syans.

Rezilta adisyonèl pou souliyen nan M-DCPS gen ladan:

- Kantite total kou AP yo ofri nan M-DCPS ogmante de 34 pousan nan espas 7 ane, kòmanse 838 an 2008 rive 1,125 an 2015.
- Kounye a dokiman enskripsyon AP Miami-Dade montre yon ogmantasyon 65 pousan, kòmanse 17,049 an 2008 rive 28,136 an 2015.
- Kantite total egzamen AP elèv yo pran ogmante de 58 pousan, kòmanse 30,434 an me 2008 rive 48,068 an me 2015.
- Kantite total nòt 3, 4, e 5 (tout egzamen elèv yo pran yo) ogmante de 84 pousan, kòmanse 12,118 an me 2008 rive 22,341 an 2015.
- Pandan patisipasyon ogmante, pèfòmans elèv M-DCPS nan egzamen AP ogmante tou. An 2008, 40 pousan elèv te fè nòt 3 oubyen pi wo nan egzamen AP e an 2015, 48.6 pousan elèv te fè nòt 3 oubyen pi wo, yon ogmantasyon prèske nèf pwen pousantaj.
- Pami sou sou-gwoup Ispanik la, pousantaj elèv ki fè nòt 3 oubyen pi wo ogmante depase nèf pwen pousantaj, rive 50.1 pousan an 2015. Pami sou-gwoup Afriken-Ameriken an, pousantaj elèv ki fè nòt 3 oubyen pi wo ogmante depase 11 pwen pousantaj, kòmanse 18 pousan an 2008 rive 29.2 pousan an 2015.
- Rapò "AP College Board" 2015 Peyi a endike:
  - Miami-Dade te PREMÈ nan peyi a nan kantite elèv Ispanik endividyèl ki fè nòt 3+ nan egzamen AP (9,206), e PREMÈ nan peyi a nan kantite elèv Ispanik (13,678) ki pran egzamen AP avèk nòt 3+; e
  - Miami-Dade klase sizyèm nan peyi a e (2yèm nan Florid) nan kantite elèv Afriken-Ameriken endividyèl ki fè nòt 3+ nan egzamen AP (762), e sizyèm nan peyi a nan kantite elèv Afriken-Ameriken ki fè nòt 3+ nan egzamen AP (1,104).
- An 2014 College Board te rekonèt M-DCPS kòm Meyè Distri AP pou ane a akoz li Agrandi Opòtinite e Amelyore Pèfòmans Elèv AP yo.

Pou enfòmasyon adisyonèl e pou rezilta Egzamen AP nan lekòl yo, silvoulè vizite sit Entènèt pou Evalyasyon, Rechèch, ak Analiz Done nan <http://oada.dadeschools.net/>.

### DAT POU NOU SONJE

- 11 novanm – Obsèvan Fèt Ansyen Sòlda (Veterans Day)
- 25 novanm – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
- 26 novanm – Jou Remèsiman (Thanksgiving)
- 27 novanm – Jou Konje

## SEKRETÈ EDIKASYON DUNCAN NONMEN SIPÈNTANDAN CARVALHO NAN KOMISYON SANTRAL EVALYASYON NASYONAL

Sekretè Edikasyon Etazini Arne Duncan anonse resamman li nonmen Sipèntandan Lekòl Leta Miami-Dade County Alberto M. Carvalho pou l sèvi yon tèms katran nan Komisyon Santral Evalyasyon Nasyonal la. Carvalho pral nan kategori "sipèntandan lekòl lokal" la.

Carvalho pral travay avèk yon gwoup gouvènè, lejislatè eta, ofisyèl lekòl, edikatè, chèchè, reprezantan biznis, ak manm piblik jeneral la pou ede etabli règ pou "National Assessment Progress (NAEP)" (Evalyasyon Nasyonal pou Pwogrè Edikasyonèl), yo konnen kòm Kanè Nasyon an. NAEP se pi gwo evalyasyon ki reprezante nasyonman nan peyi a, ki mezire akonplisman elèv nan divès sijè, ki gen ladan matematik, lekti, redaksyon ak syans.

Carvalho ap antre nan Komisyon an pandan l ap kontwòle plizyè gwo devlopman. Yo gen ladan premye evalyasyon nan listwa sou Teknoloji ak Konesans sou Jeni, avèk rezilta yo pral pibliye nan prentan 2016; yon desizyon pou itilize evalyasyon ki baze sou òdinatè; ak yon plan konpreyansif pou elaji efò èd sosyal e patenarya pou pi byen enfòmè piblik atravè peyi a konsènan resous ak done NAEP.

Komisyon Santral 26 manm nan kontwòle NAEP, ki mete enfòmasyon objektif sou evalyasyon elèv disponib pou moun ki ap fè lwa yo ak piblik la, nan nivo eta e lokal. Komisyon an jwe tou yon wòl enpòtan nan evalye kondisyon ak pwogrè edikasyon Ozetazini depi 1969.

### PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

17 novanm	10:00 dimaten	Reyinyon Òganizasyonèl
18 novanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
2 desanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

### Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Doktè Wilbert "Tee" Holloway  
Doktè Martin Karp  
Lubby Navarro  
Raquel A. Regalado  
Doktè Marta Pérez Wurtz

Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo

Logan Schroeder-Stephens  
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a  
Daisy Gonzalez-Diego  
Ofisyè Anchèf Kominikasyon

